

Kantite stòk vaksen COVID limite sou kanpis lan semèn pwochèn

8 Avril, 2021

Chè kominote kanpis,

Mwen kontan enfòme nou ke **inivèsite a resevwa yon kantite stòk vaksen limite COVID-19 ki ap disponib nan kominote nou an semèn pwochèn.**

Semèn sa nou te resevwa yon kantite stòk vaksen limite epi nou te priyore pèsonèl premye liy yo ki te fè fas ak difikilte pou aksede ak vaksinasyon an. Nou resevwa yon kantite stòk adisyonèl, e nou pral ofri tout etidyan, pwofesè opòtinite pou pran yon randevou.

**Si ou enterese, tanpri anrejistre nan [myuhc.umd.edu](https://myuhc.umd.edu) epi chwazi COVID-19 Campus Vaccine (Vaksen COVID-19 Kanpis) kòm tip randevou (appointment type).** Stòk nou resevwa nan men konte Prince George la trè limite, epi randevou yo ap bay sou baz moun ki rive avan.

Nou trè ankouraje chak manm nan kominote nou an pou vaksinen pi vit ke posib. Jan [Gouvènè Hogan te anonse](#) nan kòmansman semèn lan, tout abitan Maryland ki gen 16 lane oswa plis elijib aktyèlman pou resevwa yon vaksen nan sit vaksinasyon an mas yo, epi apati semèn pwochèn, tout abitan Maryland yo ki gen 16 lane oswa ap elijib pou pran yon randevou pou resevwa yon vaksen nan men founisè yo. Si ou pa kapab resevwa vaksen an sou kanpis la, genyen yon [pakèt lòt opsyon ki disponib pou ou](#).

Kòm rapèl, nou atann ke tout manm nan kominote nou a kontinye respekte konpòtman sanitè [4 Maryland](#) yo epi fè tès menm aprè yo fin vaksinen.

Sensèman,

Spyridon S. Marinopoulos, MD, FACP

Direktè, Sant Sante Inivèsite a

Medsen an chèf, University of Maryland